

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan

Dina méthode panalungtikan baris dipedar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data instrumén panalungtikan, data sumber data idéntitas buku jeung biografi pangarang. Sangkan ngahasilkeun panalungtikan anu hadé, tangtuna kudu dibarengan ku méthode anu tangtu. Méthode mangrupa cara anu dipaké nalika ngalaksanakan panalungtikan sarta dibarengan ku téhnik jeung alat-alat anu ngarojong kana panalungtikan (Arikunto, 2013: 203).

Méthode panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta déskriptif-kualitatif. Méthode déskriptif mangrupa prosédur pikeun ngungkulan pasualan dina panalungtikan ku cara ngagambarkeun kaayaan subjék atawa obyék panalungtikan dina mangsa kiwari dumasar kana fakta-fakta anu nyampak dina objék panalungtikan. Panalungtikan déskriptif medar jeung napsirkeun data anu aya patalina jeung fakta, variabel, jeung fénoména anu aya dina panalungtikan sarta ditepikeun saujurtna. Pamarekan kualitatif mangrupa tarékah pikeun maham fénoména sosial kabasaan dina subjék atawa objék anu keur ditalungtik (Mahsun, 2005: 235).


Istilah maham ngandung harti tarékah pikeun néangan ma'na fénoména anu keur ditalungtik saluyu jeung pamahaman palakuna. Pamarekan déskriptif-kualitatif dina ieu panalungtikan téh nyaéta prosédur panalungtikan anu hasil pedaran data déskriptif mangrupa Ulikan Struktural jeung Ajén Moral anu aya dina Kumpulan Carpon Jampé Ngimpi karya Mamat Sasmita.

3.2 Desain Panalungtikan

Nurutkeun Umar (2008: 6) desain panalungtikan nyaéta rarancang gawé sangkan miboga struktur dina hal hubungan-hubungan antara variabel sacara komprehensif, sangkan hasil risétna bisa méré jawaban tina patalékan-patalékan risét dina éta eusi panalungtikan.

Dina ieu panalungtikan aya sasababaraha léngkah atawa tahapan panalungtikan, timimiti tatahar, ngumpulkeun data, analisis sarta ngolah hasil

panalungtikan, nyieun kacindekan jeung nyieun laporan. Desain nu dipaké dina ieu panalungtikan kagambar dina bagan ieu di handap.



Bagan 3. 1
Desain Panalungtikan

3.3 Téhnik Ngumpulkeun jeung Ngolah Data

Aya dua téhnik dina nyangking data tina panalungtikan nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung ngolah data.

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina panalungtikan tangtuna kudu maké téhnik dina ngumpulkeun data pikeun ngawewegan data-data anu dibutuhkeun dina ieu panalungtikan. Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah anu utama dina panalungtikan, lantaran

tujuan tina panalungtikan nyaéta meunangkeun data nurutkeun Sugiyono, (2016: 308). ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik talaah pustaka, sangkan bisa ka kumpulna data anu dibutuhkeun.

Nurutkeun Zed, (2014) téhnik talaah pustaka (library research) mangrupa métode pikeun ngumpulkeun data ku cara maham sarta diajar ngeunaan tiori-tiori anu diuwuhan ku rupa-rupa literatur ogé tangtuna miboga patali jeung panalungtikan. Anapon léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ngumpulkaeun data téh nya éta 1) maca carponna; 2) nyirian unsur caritaan dina carpon; jeung 3) nyirian data anu aya patalina ngeunaan struktur carpon jeung ajén moral.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik analisis. Téhnik analisis digunakeun pikeun milah-milah atawa ngawincik-wincik data saluyu jeung katégori (Moleong, 2009:). Sedengkeun nurutkeun Bogdan & Biklen (dina Maleong, 2009: 248) Analisis mangrupa tarékah anu dilakonan pikeun milah-milah data sangkan jadi heureut sangkan bisa dikokolakeun, ditéangan, sarta mutuskeun hal anu bisa ditepikeun tina hasil analisis. Ku kituna, ngaliwatan téhnik analisis, dipiharep struktur carita jeung ajén moral nu nyangkaruk dina kumpulan carpon Jampé Ngimpi karya Mamat Sasmita bisa didéskripsikeun kalawan jelas tur jéntré.

3.4 Instrumén panalungtikan

Instrumén panalungtikan nurutkeun Arikunto (2006). mangrupa alat nu dipaké ku nu nalungtik pikeun ngumpulkeun data panalungtikan. Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta kartu data atawa tabél data. Dina ieu panalungtikan tangtuna museur kana carpon Jampé Ngimpi Karya Mamat Sasmita. Salian ti éta ieu panalungtikan dideudeulan ku sasababaraha hal anu kapanggih dina eusi carpon Jampé Ngimpi karya Mamat Sasmita.

Sangkan dina maluruh data ngeunaan téma leuwih babari dipaké kartu data anu mangrupa tabél, ieu kartu data baris dieusian luyu jeung data anu dipaluruh.

1) Kartu/Tabél Data Digital Ulikan Struktural

Tabél 3. 1
Tabél Kartu Data Ulikan Struktural

No.	Struktur Carita	Cutatan	Kode
1.	Téma, Fakta Carita, Sarana Carita	Cutatan dina kumpulan carpon <i>jampé Ngimpi Karya Mamat</i> Sasmita	JC/KU/SC/KC

Keterangan:

JC : Judul Carpon
KU: Kode Urutan Carpon
SC : Struktur carita
KC: Kaca

(1) Kartu Data Téma

Tabél 3. 2
Kartu Data Téma

No.	Struktur Carita	Cutatan	Kode
1.	Téma	“Tah alatan alus niup tarompétna Abah Ucup nepi ka diangkat jadi pagawé di sakola dasar éta, lain jadi guru tapi kitu we purah bebersih, purah diutuh- étah, jadi pasuruh. Puguh wé Abah Ucup kacida bungahna, nepi ka sujud sukur sapada harita, kagambar kénéh dina ingetanana nampa bisluit téh tanggal hiji April taun tujuh puluh.”	ITH/KU1/T/KC08

Keterangan:

ITH : Carpon *Isukan Tanggal Hiji April*
KU1 : Kode Urutan Carpon Kahiji
T : Kode Struktur Carita (Téma)
KC08 : Kaca 08

(2) Kartu Data Fakta Carita (Galur)

Tabel 3. 3
Karta Data Galur

Struktur Carita	Cutatan	Kode
Galur	Galur anu dipaké dina ieu carpon nyaéta galur campuran	JN/KU2/G/KC
Situasi	“Aki Oléh jeung Pamajikanana, Nini Jumsih, aki-aki jeung nini-nini, teuing sabaraha umurna mah, ngan sakainget Kang Sabri kacirina téh geus kitu, geus kolot ti baréto mula, tapi jagjag kénéh. Sapopoéna, ngawarung sisi jalan, cenah mah ngawarungna téh ti keur ngora kénéh, teu incah balilahan, di dinya wé, malah jalan gé baheula mah masih jalan jajahan kénéh, jalan paranti nu ka sawah, ka kebon. Ayeuna	JN/KU2/G/KC15

	mah jalan téh geus ramé da ngan éta jalan nu meulah lembur, nu brasna ka kota, ka pasar, ka masigit, ka kaum, ka balé désa, ka kacamatan. Imahna jeung warung téh ngahiji.”	
Generating	“Motor Kang Sabri ngagerung dina jalan balay nu renjul, bras ka jalan désa nu leuwih ruksak, komo mun usum hujan, jalan téh nya leueur nya ledok, mun teu tapis ngamaénkeun setang motor téh matak tikusruk, matak ngajurahroh. Hasil tatanén loba nu teu kaakut, sakalieun aya treuk nu maksakeun téh, beu éta momotna sagala diakut, sagala ditumpuk, matak paur nu ningali. Teuing iraha rék dioméanana jalan téh. Sigana mun jalan geus dioméan mah kana motor gé ngageleser, moal matak olok ban. Ayeuna mah ban motor téh teu kaur jagjag, kudu wé bitu téa, kempés téa, geus puguh ari ban jero mah, kapan ban luar gé matak téréh nyuriwidil da kahakan ku seuseukeut batu. Ngahutang mah ngahutang, matak éra ka tukang béngkél, ari bocor ban jero bisa kénéh ditambah ku sorangan, kitu gé mun aya kompana.”	JN/KU2/G/KC18
Rising Action	“Nini, ari Aki kagungan jangjawokan jampé hoyong ngimpi kitu?” semu ngaharéwos nanya ka Nini Jumsih.”	JN/KU2/G/KC20
Climak	“Tayohna obrolan Kang Sabri jeung Nini Jumsih téh kadéngéun ku Aki Oléh, da béhna Aki Oléh némbal ti juru tepas imah paranti” “Kang Sabri gé kaluar ti pawon, ngadeukeutan ka Aki Oléh, teu poho bari mawa gelas cikopi.”	JN/KU2/G/KC20
denouement	“Gorolang Kang Sabri ngomong, majarkeun maksudna lain niat goréng ngan sina datang ka lembur téh ambéh sidik kana kaayaan di pilemburan, ambéh jalan dioméan, ambéh sasak dioméan, ambéh ngawangun puskesmas, supaya nu gering teu maot di jalan, ambéh barudak nu sakola teu kakarayapan dina sasak butut. Kapan kitu jangjina waktu keur kampanyeu.”	JN/KU2/G/KC22

Keterangan:

JN : Carpon *Jampé Ngimpi*
 KU2 : Kode Urutan Carpon Kadua
 G : Kode Fakta Carita (Galur)
 KC15 : Kaca 15

(3) Kartu Data Fakta Carita (Latar)

Tabel 3. 4
Kartu Data Latar

Struktur Carita	Cutatan		
	Latar Tempat	Latar Waktu	Latar Sosial
Latar	- Tengah Imah Kode: KM/KU3/LT/KC24	- Isuk-isuk wanci haneut moyan Kode: KM/KU3/LW/KC24	Latar Sosil dina ieu carita nyaéta menengah ka luhur Kode: KM/KU3/LS/KC24

Keterangan:

KM : Carpon *Kamar Nini*

KU3 : Kode Urutan Carpon Katilu

LT/LW/LS : Kode Fakta Carita (Latar Tempat/ Latar Waktu/ Latar Sosial)

KC24 : Kaca 24

(4) Kartu Data Fakta Carita (Palaku jeung Watek)

Tabel 3. 5
Kartu Data Palaku jeung Watek

No.	Struktur Carita Tokoh	Watek	Cutatan	Kode
1.	Ma Inung	Gedé kanyaah	“Sapopoé ngasuh incu, nu leutik jeung nu gedé,..” “sanggeus bérés mandi jeung ngamandian incuna, Ma Inung kaprak-keprek di dapur mantuan minantuna masak,..”	MINT/KU4/PW/KC41

Keterangan:

MINT : Carpon *Ma Inung Ngarawu Taneuh*

KU4 : Kode Urutan Carpon Kaopat

PW : Kode Fakta Carita (Palaku jeung Watek)

KC41 : Kaca 41

(5) Kartu Data Sarana Carita (Judul)

Tabel 3. 6
Kartu Data Judul

No.	Sarana Carita	Cutatan	Kode
1.	Judul	“Handapeun rungkun awi aya cai séké, caina ngageledeg, ngocorna gedé sagedé cangkeng kolot. Disebutna Séké Béntang, cenah mah nelah disebut Séke Béntang téh pédah euweuh nu nandingan keur ukuran salembur mah. Caina ngaburial, hérang jeung ongkoh tara ngurangan najan keur halodo entak-entakan gé.”	SB/KU5/J/KC62

Keterangan:

SB : Carpon *Séké Béntang*
 KU5 : Kode Urutan Carpon Kalima
 J : Kode Sarana Carita (Judul)
 KC62: Kaca 62

(6) Kartu Data Sarana Carita (Puseur Implengan)

Tabel 3. 7
 Kartu Dara Puseur Implengan

No.	Puseur Implengan	Cutatan	Kode
1.	Puseur Implengan jalma katilu	“sababaraha poé ti harita, pabeubuerang, ngurung budak satepak ngabéjaan Nini Jumsih diangkir ka imah Punduh.”	NJT/KU7/PI/KC92

Keterangan:

NJT : Carpon *Nini Jumsih Tutunggulan*
 KU7 : Kode Urutan Carpon Katujuh
 PI : Kode Sarana Carita (Judul)
 KC92: Kaca 92

2) Kartu/Tabél Data Ajén Moral

Tabel 3. 8
 Tabél Kartu Data Ajén Moral

No.	Ajén Moral	Judul Carpon	Cutatan
1.	MP	✓	
2.	MMD	✓	
3.	MMPJ	✓	
4.	MMA	✓	
5.	MMW	✓	
6.	MMLB	✓	

Keterangan: (✓) salasihiji ajén moral anu nyangkaruk dina carpon *Jampé Ngimpi*

Keterangan:

MP : Moral manusa ka Pangéran
MMD : Moral manusa ka dirina
MMPJ : Moral manusa ka papada jalma
MMA : Moral manusa ka alam
MMW : Moral manusa ka waktu
MMLB : Moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahiriah jeung batiniyah

3.5 Data jeung Sumber Data

Dina ieu panalungtikan, sumber data sakabéhna aya dina kumpulan carpon *Jampé Ngimpi* karya Mamat Sasmita. aya salapan carpon anu ditalungtik. Dina ieu subab dipedar ngeunaan data jeung sumber data.

3.5.1 Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta struktur carpon jeung ajén moral nyangkaruk dina kumpulan carpon *Jampé Ngimpi*. Struktur carpon ngawengku téma, fakta carita (galur, palaku, watek atawa penokohan, latar), jeung sarana carita (judul, jeung puseur implengan). Salian ti éta, dina ieu panalungtikan ogé baris medar ngeunaan ajén moral anu ngawengku (1) moral manusa ka pangéran, (2) moral manusa ka dirina sorangan, (3) moral manusa ka papada jalma, (4) moral manusa ka alam, (5) moral manusa ka waktu, (6) moral manusa dina ngudag kapuasan lahiriah jeung batiniah.


3.5.2 Sumber Data

Dina panalungtikan tangtukan kudu aya sumber data ngarah ieu panalungtikan bisa fokus kana data-data anu geus ditataharkeun. Sumber data anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta buku kumpulan carpon *Jampé Ngimpi* karya Mamat Sasmita.

3.5.2.1 Idéntitas Buku

Judul	: <i>Jampé Ngimpi</i>
Pangarang	: Mamat Sasmita
Jumlah kaca	: 126
Taun medal	: 2023 (cetakan munggaran)
Penerbit	: Pustaka Jaya

Buku kumpulan carpon *Jampé Ngimpi* ngawengku dalapan judul carpon, nyaéta “Isukan Tanggal Hiji April”, “*Jampé Ngimpi*”, “Kamar Nini”, “Ceuli Léntaheun”, “Ma Inung Ngarawu Taneuh”, “Séké Béntang”, “Aki Oléh”, “Nini Jumsih Tutunggulan”, jeung “Bedog Ceurik Rahwana.”



Gambar 3. 1

Sampul Buku Kumpulan Capon *Jampe Ngimpi*

3.5.2.2 Sinopsis Buku

Buku Kumpulan carpon *Jampé Ngimpi* karya Mamat Sasmita eusina aya dua belas carpon. Ieu buku téh sakabéh caritana nyaritakeun ngeunaan kabiasaan-kabiasaan anu aya dimasarakat saperti budaya, pakasaban jeung lianna. Judul-judul carpon dina ieu buku kumpulan carpon téh nyaéta “Isukan Tanggal Hiji April”, “Jampé Ngimpi”, “Kamar Nini”, “Ceuli Lentaheun”, “Ma Inung Ngarawu Taneuh”, “Manuk Piit di Taman Merdeka”, “Ngadagoan Ema”, “Séké Béntang”, “Si Gatot”, “Aki Oléh”, “Nini Jumsih Tutunggulan”, “Bedg Ceurik Rahwana”, “Nu Mulang Miheulaan”, jeung “Laleur Héjo” anu ditulis ku Mamat Sasmita di taun jeung tempat anu béda.

3.5.2.3 Biografi Singget Pangarang



Gambar 3. 2
Mamat Sasmita

Mamat Sasmita, lahir di Tasikmalaya 15 Méi 1951. Lulus STM Negeri 1 Bandung Jurusan Mesin taun 1971, kuliah di PT Telkom Jurusan Transmisi Satelit (taun 1975). Mamat Sasmita ogé kungsi gawé di PT Telkom nepi ka pangsiun taun 2007, salila dines anjeunna kungsi ditempatkeun di sababaraha daérah di indonésia sarta ajeunna ogé kungsi miluan pelatihan Transmisi TDNA di Comtel Santa Maria CA, Amérika Serikat.

Dina taun 2014, Mamat Sasmita ngadegkeun Rumah Baca Buku Sunda anu dikokolakeun ku anjeunna. Lian ti éta ogé anjeunna rajin nulis artikel jeung carpon dina sawatara média cetak boh basa Indonésia boh basa Sunda diantarana dina Pikiran Rakyat, Tribun Jabar, Cupumanik, Manglé, Koran Sunda, Mata Baca, Warta Bappeda Jabar, jeung jurnal Sundalana.

Mamat Sasmita kungsi aktif ilu biung di Pusat Studi Sunda (PSS), pangpangna sok jadi panumbu catur dina sawala rutin PSS. Kungsi ogé jadi Pamingpin rédaksi majalah basa Sunda Cupumanik ti taun 2009 tepi ka taun 2011. Karya Mamat Sasmita anu geus medal mangrupa buku kumpulan carpon di antarana Ma Inung Newak Cahaya taun 2012 (Mamat Sasmita dina Buku Kumpulan Carpon Jampé Ngimpi).